

# NewsRelease

DAT: 15 Janvye, 2020

KONTAK: Dr. Philip Harris, Program Recovery Manager, 754-321-1660  
 Nadine Drew, Office of Communications, 754-321-2300



#2getherInServiceandLove

## BCPS Ap Obsève yon Jounen Sévis epi Amou le Vandredi, 14 Fevriye, 2020 an komemorasyon trajedi ki te pase nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School

(*BCPS Observes A Day of Service and Love on Friday, February 14, 2020 in commemoration of the Marjorie Stoneman Douglas High School tragedy*)

Broward County Public Schools (BCPS) deziye Vandredi, 14 Fevriye, 2020, kòm youn Jounen Sévis epi Amou, *A Day of Service and Love*, an komemorasyon trajedi ki te frape nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School. Se va yon jounen kote nou chak va kontribye nan kominote a pou onnore 17 elèv ak estaf ki te pédi lavi-yo epi rekonnét moun ki te blese oswa sibi donmaj.

An kolaborasyon ak òganizasyon *HandsOn Broward*, vil Parkland, vil Coral Springs ak konsèy miltikonfesyonnel *Interfaith Council*, tout lekòl atravè Distri a va patisipe nan aktivite ak pwojé sévis kominoté ki va benefisy lekòl-yo ak kominote lokal. Diplis a dizé disét minit tapan, 10:17 a.m., Distri a nétale va obsève yon moman silans.

“A Day of Service and Love va onore tout elèv ak estaf ki te pédi lavi-yo epi rekonnét fanmi ak kominote ke trajedi sa a te afekte,” se sa BCPS Sipéentandan Robert W. Runcie te deklare. “Nou envite tout kominote a nétale fè youn epi patisipe nan pwosesis gerizon, lè tout moun poze yon moman a 10:17 a.m. pou rann omaj epi chonje.”

Pou BCPS Jou *Day of Service and Love* se va yon jounen kote yo pap anseye nan saldeklas epi lekòl va lage boné. Nou ankouraje lekòl-yo angaje elèv-yo patisipe nan aktivite epi ofri tan-yo, kòm volonté, nan pwojé sévis kominoté ki va itil lezot nan lekòl ak nan kominote, pandan yap sansibilize opinyon sou kòz ak kesyon ki enpòtan epi siyifikatif.

Nan plis pase 230 lekòl atravè Distri a, avék sipò epi éd plizyé santenn volonté, elèv ak estaf va patisipe nan aktivite ak nan pwojé sévis kominoté tankou kreyasyon espas pou *self-care* (pou lekò ak lespri), amenajman espas jaden, aktivite pentire, selebre premye espesyalis ki entèvni onivo lokal lè gen sitiayson kriz, distribisyon manje pou fanmi ki nan nesesite. Pwogram Fon pou volonté nan Florid bay lajan pou egzekite pwojé sévis kominoté grasa sibvansyon ak éd sévis voluntarya nasyonnal, *Corporation for National and Community Service*. Nan kad pwogram voluntarya pou elèv, *Student Volunteer Service Program*, elèv-yo va resevwa è sévis kominoté pou sévis-yo nan lekòl ak nan kominote.

“Evènman sa se yon vre egzanp kote kominote a fè youn pou onore tout moun ke trajedi a te afekte,” se sa Dale Mandell, prezidan e CEO òganizasyon *HandsOn Broward* te deklare. “Grasa angajman dezenterese volontè-yo, lekòl ak kominote nou va briye piplis.”

Pou plis enfòmasyon, kontakte, Dr. Philip Harris, manadjé pwogram repriz aktivite, nan ofis *BCPS Office of Student Support Initiatives and Recovery*, nimewo telefòn 754-321-1660.

###

### APWOPÒ LEKÒL PIBLIK BROWARD COUNTY

*“Pran angajman edike chak elèv pou atenn pi wo potansyèl li.”*

Broward County Public Schools (BCPS) se sizyém distri eskolè ki pi gran nan nasyon an epi se dezyém distri nan Leta Florid. Depi lane 1962, BCPS se premye sistèm eskolè nan Florid ki akredite. BCPS gen apeprè 270,000 elèv epi anivwon 175,000 elèv adilt ki repati nan 241 lekòl, sant ak kolèj teknik, epi 89 lekòl charter. BCPS sévi yon popilasyon elèv ki pami yo gen divèsite, elèv ki reprezante 204 peyi diferan epi gen 191 lang ki pale nan distri a. Pou konnekte ak BCPS, vizite sit [browardschools.com](http://browardschools.com), swiv nou nan Twitter @browardschools, sou Facebook [facebook.com/browardschools.com](https://facebook.com/browardschools.com) epi telechaje app mobil gratis BCPS.

Educating Today's Students to Succeed in Tomorrow's World.  
 Broward County Public Schools is an Equal Opportunity/Equal Access Employer